



Lekòl ou patisipe nan Pwogram Fwi ak Legim Fre

Kisa Pwogram Fwi ak Legim Fre ye?

Pwogram Fwi ak Legim Fre [Fresh Fruit and Vegetable Program (FFVP)] Depatman Agrikilti Etazini bay lekòl yo lajan pou ofri elèv yo kolasyon fwi ak legim fre gratis pandan jounen lekòl la.

Pou kisa pwogram sa a enpòtan?

- Pwogram nan kreye anviwònman lekòl ki pi bon pou sante moun. Pou fè sa, yo bay anpil chwa manje ki pi bon pou sante.
- Li ankouraje elèv yo manje plis fwi ak legim fre
- Li ogmante varyete fwi ak legim timoun yo jwenn pou manje
- Li fè yon diferans nan rejim alimantè timoun yo pou afekte sante yo kounye a ak pidevan

Pou jwenn plis enfòmasyon ale sou sitwèb:

FDACS.gov
ChooseMyPlate.gov
fns.usda.gov/ffvp

Kilè ak ki kote yo kapab bay fwi ak legim fre?

Lekòl yo ka bay fwi ak legim fre kòm yon kolasyon pandan jounen lekòl la, men yo pa kapab sèvi fwi ak legim yo pandan manje maten ak manje midi lekòl la. Yo kapab sèvi fwi ak legim yo nan salklas yo, nan antre yo, deyò oswa nan kyòsk santral yo.

Kisa ou kapab fè pou ede egzekite FFVP?

Jwe yon wòl pozitif! Alòske pwogram nan vize elèv yo, li rekonèt koneksyon enpòtan ant elèv yo, pwofesè yo ak anplwaye lekòl la. Pwofesè k ap sèvi fwi ak legim kapab chanje abitud manje sa ki bon pou sante si yo patisipe avèk elèv yo, epitou si yo mete yon leson edikasyon sou nitrisyon.

Kijan ou kapab ede fè pwogram nan gen siksè?

- Edikasyon sou nitrisyon se yon edikasyon ki obligatwa, epi nou ankouraje pwofesè yo pou yo bay jarèt pou manje ki bon pou sante avèk edikasyon sou sante!
- Pwofesè yo kapab pote fwi ak legim fre nan salklas la pou fè yon leson pi enteresan.
- Ou kapab ranfòse leson jewografi ou si ou bay fwi ak legim fre ki sòti nan zòn w ap etidye a.
- W ap etidye pousantaj nan matematik? Itilize yon mòso fwi pou montre ka, mwaye, tyè, elatriye. Pi bon pati a se leson ki vin ka manje!



Distre ou! Itilize kreyativite ou!

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egal-ego.

